RÉPUBLIQUE DU SÉNÉGAL

BIC-GOUV

BUREAU D'INFORMATION ET DE COMMUNICATION DU GOUVERNEMENT


NOTE AU PUBLIC

Tenk bu jem ci waa pénc mi

DPG

Njiitu Jëwriñ yi Ahmadu Al Amiinu LÓO **wane na yoon wi**

JAAYANTE SÉMB YU AM SOLO DOXALIIN





Ni ko artiikal 55 bu Ndayi Sàrt yi tënkee, Njiitu Jëwriñ yi Ahmadu Al Amiinu LÓO xamle na, ci talaata ji 8i fani sebtàmbar 2026, Yoon wu fas yéene jaarale liggéeyam di DPG bi ci kanamu Ngomblaan gi. Ci jamono ju fés ak déggoo gi ñu tënk diggante Senegaal ak FMI, Njiitu Ngóornamaŋ bi jaayante na ci juróomi tomb yu mag yu mu yaatal ci sémb yu am solo ci fànn yu bari. Aajar na itam doxaliin wi Ngóornamaŋ bi fas yéenee tegtaloo ci mbooleem jéego yi ñuy teg.

JURÓOMI WAAR YU YAATU



1. Joyyanti sàqi réew mi

« Ngoor bu bëgg ñu àtte la ci say njureef dangaa war a xamle njëkk fa nga jóge. Kon nag tolluwaayu réew maa ngoogu niki ko ñépp gisee ci lim yi ak ci jëf yi. »

Dëgg gi ci sàq yi

« Càmbar yi ñu jot a sumb ca 2024 ak liggéey yi “Cour des Comptes” amal wane nañu lu kenn manatul a weddi : ay rëq-rëq ak bor bu jéggi dayo bu méngoowul ak lim yi ñu daan xamle ci at yi wees. Ca njeextalu atum 2024, boru sektëer piblig baa ngi woon ci lu jege 132 % ci PIB bi, di lu ëpp 23 500i milyaari francs CFA. Li ñu war a mottali xaymawaat nañu ko ci 13,7 % ci PIB bi.

Sunu bor bi ba leegi dafa diis, **yokkute gi ci lu njafaan yi bokkul dafa wàcc (2,2% ci 2025), li ñu war a mottali ci njël (6,4% en 2025)** donte mu ngi wàcc, waaye nag taxul ba leegi ñu man a amal benn eewestismaa ci sémb yu mag yi boole ko ak jafe-jafey man a fay bor bi ñu ameel këri liggéeyukaay yi ci réew mi ak yokk xëy yi ci këri liggéeyukaay yu mag yi.

Palaŋu Joyyanti Koom mi ak Dundiin wi (PRES), « Jubbanti Koom » 2025-2028, te ñu mbébetoon ci lu tollu ci 6.166i milyaari FCFA, ba fii juragul la ñu ci doon séntu dëgg, ndax li ci ëpp balaa jur dara fàww ñu takk biir yi toog muñ muy lu mel ni **dajaley am-am (1.091i milyaar), finaasmaa àndosen (1.352i milyaar), wàññi dayob Càmm gi (50i milyaar), jëfandikoo balluwaay yi ci biir réew mi (2.111i milyaar)** niki noonu galag yi bawoo ci Palaŋ bi (1.062i milyaar). Ci njeextalu weeru ut 2026, **balluwaay yi ñu jot a dajale ci biir réew mi rawatina wàllu galag yi mu ngi tollu ci 172,5i milyaar wuute ak 303,3i milyaar yi ñu nisaroon**, muy kon tolluwaayu 56,9% yu ñu sottal.

Doxaliin woowu nag dafay gàllankoor **dooley Càmm ci mu man a matale li mu warloo ci** ay payoor, yenn deppaas yu ndaw yi ba ci sax sémb yi gën a ndaw. Doxaliinu **suul bu kii, sulli bu kee googu nag mooy mujj dem ba tàbbal la ci kàmb gi !** Kon ci loolu dina yomb a àtte, **fàww nu am ci lu jamp koom mu xemmemu, jaare ko ci jëlal sunu bopp** dogal te lépp dëppoo ak njariñu askanu Senegaal. »

Feddaliwaat lëngoo ak joxekati xaalis yi ci àddina si

« Saa-Senegaal yi dañoo war a xam lu leer ci sunu jëflante sunu digg ak FMI. Jubluwaayi FMI yi leeral nañu leen ci artiikal bu njëkk bi ci seen Estati : gën a dooleel lëngoo ci wàllu koppar ci àddina si; yéwénal yokkuteg njënd mi ak njaay mi ci àddina si muy kon yokkaale xëy mi; dooleel dalug weccente yi boole ko ak moytu bu baax jafe-jafe yi ci wàllu wujje; jox yaakaar Réew yi ci bokk jaare ko ci yéwénal balluwaayi “Fonds” bi ñeel leen ci ay gaaràntì yu jàppandi lépp ngir jubbanti yenn ñàkk a yemoo yi am ci wàllu pay gi.

Am porogaraam ak FMI nekkul lu manul a ñàkk, waaye nag njeexitali bañ koo def maneesu koo natt rawatina booy jànkonte ak jafe-jafey koom yu dese nosewu te manóo cee am pexe yu wér te gaaw ! FMI rekk mooy genn campeef gi man a dalal xeli joxekati xaalis yi ci am réew ak tolluwaayu boram ! ».

Tomb yi ci déggoo gu bees gi ak FMI

« Waxtaan yi ci progaraam bu bees, bu tegu ci wàllu eewestismaa ak yoriin wu leer, mat nañu 1 panu sebtàmbar 2026 ci ag déggo ak Serwiisi FMI yi.

Lu déggoo gi wax ? Ne dees na jël ay matukaayi yaxanal « niki boroom kër bu mat » jaare ko ci amal ay yeesal ngir :

- Delloosi dalug koom mi ak woyofug bor bi,
- Wàññi yonjaxug njël li,
- Yokk deppaas yi ci wàllu ndimbal,
- Taxaw temm ci amal yokkute gu ñoŋ sukkandiku ko ci sektëer piriwe bi. »

Ñetti kenoy pexe mi

« Pexem 2027-2029 mu bees mi jëm ci yaxanal deppaasi pénc mi, tey yeesalaat mi woon ci diggante 2025-2027, mu ngi ci yoonu noppi. en cours de finalisation. Muy pexe mu sampe ci ñetti keno :

- Peeg dayob payoor yi,
- Wàññi yenn deppaas yi man a ñàkk ci wàllu jumtukaay ak serwiis ak yenn sibwaasoo yi,
- Gën a yokk njariñi eewestismaa yi ci sémb yu mag yi. »

Mbirum sibwaasoo yi ci njafaan yi

« Lan la Mémoràndómu politigu koom mi ak koppar yi ci wàllu sibwaasoo yi di wax ? **Ndax danuy wéy di deppaase lu jege 800i milyaari sibwaasoo yoy 65% ya, 20% ci way-woomal ñooy wéy di ko jariñoo ?** Walla boog nu leen di fayloo njëg yi war dëgg te jëlaat koppar yooyu ci wàllu sibwaaso yi dugal leen ci Bursu Familiyaal yi ? Waawaw !

Ci loolu, pexem amal ay yeesal ci sibwaasoo yi ci wàllu yasara, te am Komite bu koy saytu ci sama kilifteef, ci ñetti pas-pas lay tegu :

- ▹ Wàññi ndànk-ndànk dayob sibawaasoo bi ci kaw xam ban xeetu porodiwi la; xoolaat bu baax ñi ñuy jagleel ndimbal yi ci anam gu ñaw te dëppoo ak joyyanti yi ;
- ▹ Caytu gu leer ci njël li boole ko ak fexe ba yeneen bor yu bees yu ñu fayul du ci am. »

Sibwaasoo bi, jëmale ko ci góor-góorlu yi

« Sama Ngóornamaŋ fas na yéene indi, fii ak 2029, njëgu sibwaasoo yépp ci wàllu yasara gi ba dayoo bu dul romb 1% ci PIB bi at mu jot. Gaas bi ñuy jëfandikoo ci kër yi, rawatina yu ndaw yi, dees na ko gën a ñoŋal.

Ci wàllu kuraŋ bi, sibawaasoo dees na ko gën a jëmale ci kiliyaani kër yi gën a néew lu ñuy jëfandikoo ak liggéekat yu ndaw yi, jaare ko ci njëgu baay defal yàlla. Bu demee ba mat, taxawu gi dina gën a jëm ci jaboot yi gën a néew doole te daanaka tollu ci 40% ci askan wi. »

Delloosi bor bi ba mu gën a woyof

« ...Yëgle nanu ci digg pénc mi, 1 panu sebtàmbar 2026, **Palaŋu Saytu borub Senegaal (PTDS) bi nga xam ne daanaka li ci ëpp** yemb na, ba ci tomb yi gën a ndaw te lépp nag di sàmmonte ak njariñi Senegaal ak ñi nu ameel. Mu wuute lool nag ak yenn kàddu yi ñenn di jibal ngir tiital askan wi, borub Senegaal bokkul dara ak borub réew yi ñuy jël niral ci wàllu ñàkk a man a fay bor. yii yépp daraa ci yootul Senegaal. »

Li nu mbébet mooy :

- Fexee delloosi woyofug bor bi : yeex koo def a gën dem ba dañ miir bi,
- Delloosi kóoluteg dugalkati xaalis yi waaye itam yu biti réew,
- Dundalaat koomum Senegaal miy gën xoju,
- Bañ a gàllankoor dalug UEMOA ci wàllu koppar : Bànki Mbootaay gépp a am lu ñu ràng Senegaal fii mu ne.

Fay bor yi nu ame

« Bokk na itam ci jubbanti sàq yi, muy fay bor yi nu ameel sektëer piriwe bi ak amal doxaliin wu bees ci wàllu finaasmaa piblig.

Sama Ngóornamaŋ dina jox yitte ju kawe lu jëm ci fay bor yi ñu xayma ci 1.956i milyaari FCFA ca njeextalu weeru mars 2025 (ci 5.425i wayndare yu jaar yoon ak yu desee jaar yoon ca njeextalu desàmbar 2024), te loolu day mbir mu am solo ngir xettali réew mi aka këri liggéeyukaay yi, bokk ci yooyu ay junniy TPE-PME-PMI. Lii rekk beneen lay la ci solos Palaŋu Saytu borub Senegaal. »

Pas-pas bu bees ci wàllu finaas piblig

« Jubbanti sàqi pénc mi itam, mooy amal doxaliin wu bees ci wàllu finaas piblig, ci anam gu méngoo ak “Agenda Sénégal 2050”, di doxaliinu **Càmm gu ñaw** : Càmm guy wane yoon wa, teg boole ko ak fexe ba ñuy sàmmonte ak sàrt yi, di yoonal marse yi, di taxaw ci sàmm li ñu yoonal ci kontaraa yi, di aar way-jëfandiku yi boole ko sàmm njariñi Réew mi.

Càmm guy eewestiir saa bu ko njariñu aska wi laajee, rawati na ci jumtukaay yu am solo, serwiis yi manul a ñàkk ak ci fànn yi nga xam ne sektëer piriwe bi manu cee demal boppam kese, walla mu man koo def ci anam gu méngoo ak jubluwaay yi nu am ci manal sunu bopp, yamale ci gox yi ak koom mu daj fépp.

2. Réew mu nosu, Réew mu tegu ci yoon

« Jubbanti gi du yam rekk ci pàcci koom mi. Càmm gi itam di gën a nosu »

Càmbarug finaas piblig yi

Njiitu Jvwrñ yi fàttali na ne Ràppooru “Cour des comptes” ci càmbarug finaas spiblig yi ci diggante 2019-31i fani mars 2024, te “Inspection générale des Finances” defoon ko, jébbal nañu ko “Pôle judiciaire financier” ca weeru awril 2025. Xamle na ne Division des Investigations criminelles tijji na ci juróom benni (06) luññutu ngir njort ag jalgati ci alalu askan wi. Luññutu yaa ngi wéy.

Xoolaat kontaraa yi

« Kurél gi ñu teg ngir xoolaat kontaraa yi ñu amal ci fànn yu am solo mu ngi wéyal liggéey bi : njafaan yi, mbell yi, yasara gi, ndox mi, jumtukaay yu mag yi, añs. Lu tollu ci fanweeri déggoo ci wàllu mbell yi ñu ngi leen di waxtaanewaat, te nag dinaa leen xamal ne pas-pas bi nu ciy tegtaloo mooy : **sàmmonte ak yoon bu wér ñeel eewestisëer yu wóor yi; fulla ci fépp fu nu seetlu ne sàmmuñu fa njariñu réew mi; dunu taral te dunu nelaw itam ci anam yi nuy càmbaree wayndare yi. »**

Mbirum càmbar wàllu suuf si

« Jot na maa jiite, bi ma nekkee jëwriñ, Sekkereteer Seneraalu Ngóornamaŋ bi, kurél gi yoroon caytug anam yi ñu sancee ci tefes yi ci Ndakaaru te ñu taxawaloon ko ca weeru mee 2024. Jot na maa jébbal ràppoor bi ca weeru sulet 2024 Njiitu Jëwriñ li fi woon ca jamono jooja, ak Njiitu Réew mi ca weeru ut 2024 ci aba jataay, ci teewaayu Njiitu Jëwriñ yi ak mbooleem ñi bokkoon ci kurél googu. Bu dee lu soxal liggéeyi **komite Tegnig bi Jëwriñu Koppar yi ak Njël li tegoon ngir saytu tolluwaayu yoriinu suuf so ci yenn gox yi** ci Ndakaaru, Cees, Mbuur ak Ndar, man maay ki ne woon seen diggante ak Njiitu Jëwriñ yi ba bis bi ñu may tabb 30i fani awril 2025, Jëwriñu Càmm, Jëwriñ ci wetu Njiitu Réew mi yor “Agenda Sénégal 2050” bi.»



Réew mu tegu ci yoon

▹ **Xamle sa tolluwaayu alal...**

« Réew mu tegu ci yoon itam daf cee bokk, ñi ñu dénk, ñu yoonal ci ñoom ñuy xamle seen tolluwaayu alalba noppi di ko topp. Jébbale naa sama bos, te mbooleem ñi bokk ci Ngóornamaŋ bi def nañu ko ci àpp yi ñu yoonal : royukaay laa du lees di bàkkoo, dees koy jëfe. ».

▹ **Jot ci xibaar**

« Jot ci xibaar soppi na xar-kanam. Sàrt 2025-15 bu 4i fani sebtàmbar moo yoonal yaatal wayndare piblig yi muy yelleef ci ma-réew yi. Ngóornamaŋ bi ,ag dina def kéem tolluwaayu kàttanam ba yelleef googu doon lu dog, 12i weer ginnaaw wotub sàrt bi, jaare ko ci samp Kurél gi ñu dénk wàllu njotum xibaar ci réew mi balaa njeextalu sebtàmbar 2026. Sàrt bi daal mooy ubbiku; mbañ gi kon wareef na koo teg fu wóor walla kalaamees ko. »

▹ **Yoon gu xereñ te wóor**

« Réew mu tegu ci yoon itam mooy, fexe ba ñépp man a yam ci jot ci yoon gu xereñ te wóor, muy keno bu wér ci Réewum yoon. Sama Ngóornamaŋ jaayante na ci jël matukaay yi war ngir yoon gu xereñ, gu gën xarala, amal ay coppite ci wàllu kaso yi, ag taxawu ci wàllu yoon ñeel xale yi niki noonu gën a jagal anam yi ñuy dundee ci kaso yi.. »

▹ **Arminaat bi ci wàllu pal**

« Réewum yoon nag la ca ëpp solo mooy, dëgëral yoriinu pal yi ak kóoluteg ma-réew yi. Loolu moo tax sama Ngóornamaŋ dina def yitte ci amal yeesal yi war ci wàllu pal. Fii ak 2029, Senegaal war naa taxaw ci amal ñetti joŋantey pal yu mag yiy dëgmal, muy yu gox yi ak goxaan yi ca 2027, teg ci yu tan Njiitu Réew ak tànn jàmbur yi ca 2029. »

3. Dooleel mbooleem tolluwway yi ci wàllu manal sunu bopp

« Fi nuy njëkk a nattee manal sunu bopp gi mooy ci wàllu petorol bi, gaas bi ak mbell yi. Réew mu am balli mbindaare nag am na ñaari tànneef : jëfandiko ko walla sopparñi ko ngir mu gën a ñoŋ. Tànn nanu ñaareel bi. Leegi dunu jaayeeti ca biti birit bi nu man a sopparñil sunu bopp, te bu nu ci noppee dinanu fexe ba dugalat koppar ya cay géhenne sunu doole ci wàllu ndefar, man-man, ay jumtukaay ak pexe yuy aar ak a ñoŋal maas giy ñëw ëllëg. »

Sopparñi sunu mbell yi ngir yokkute gu sax dàkk

« Ci wàllu njafaan yi, PETROSEN lanu fas yéenee teg ca kanam ngir mu doxal sunu politig ci wàllu petorol ak gaas ci réew mi, bu demee nag ba manul a ñàkk nu door a wuti partaneer bu am doole ci àddina si bu nu ciy lëngool. Ci loolu, dinanu fexe ba gaas bi nu am ci réew mi man a am taxawaaw bu yaatu ci li nuy soxla ci wàllu kuraŋ. Solo si yamul rekk ci wàllu yasara : waaye dafa laal wàllu dundiin gi, wàllu ndefar yi ak pexe yi. Lu jege daanaka ñaari at a ngii nu tàmbalee jëfandikoo tooli petorol ak gaas yu Sàngomaar ak "Grand Tortue Ahmeyim". Lim bi ñu xayma rekk ci foofu tollu nañu ci 960i milyoŋi barigoy petorol ak 560i milyaari meetar kibbi gaas natirel.
Senegaal leegi nekk na réewum petorol ak gaas. Leegi mu des nu def ci li gën a far : soppi ko ngir am kuraŋ bu gën a yomb, muy doxal ndefar yi boole ko ak jur ay xëy ñeel sunuy doom. »

Toolu gaas bu Yaakaar-Teraanga

« Sémb wii nag dafa doon lu am solo ci sunu réew. Bu weesoo lu takku li fa am ci gaas, Yaakaar-Teraanga moo war a doon benn ci keno yi war tàwwu manal sunu bopp gi ci wàllu yasara, wàññikug njëgu kuraŋ bi ak yaatal ndefar yi ci Senegaal. Waaye nag, wayndare wii am na ay rëq-rëq yu ñu war a jubbanti, rawatina fay ndàmpaay yi Nguurug Senegaal war a jot bu doon dem nañu ba kontaraa bi jeex ca weeru sulet 2026, te ñu xayma ko ci 55i milyoŋi USD. Kon lu jaroon di parax-paraxi ngir jëlaat alal ju la waroon indil lu bari fii ak 3i weer ? »

Jëfandikoo mbell yi muy kenoy moom sa bopp ak naataange gu daj fépp

« Weñ bi, fosfaat yi ak wurus bi dees na fexe ba ñu gën leen di sopparñee fii. Dees na tëggaat SOMISEN ba mu gën a nosu ci wàll wi, gën a saytuwaat yëngug cosaan gi, gën cee feddaliwaat taxawaayu Nguur gi boole ko ak gën a yaatalaat jëfandiku gi ba ci sektëer piriwe bi. **Fii ak 2029, wàllu mbell yi war naa génne lu jege 600i milyaari FCFA ci ay rëset ñeel Nguur gi, wuute ak 370i milyaari FCFA ca 2019;** dayob sopparñi ci biir réew mi bu tollu ci 50 % ; yoonalug 50 % ci ñiy yëngu ci wàllu wurus; ak toppug 90 % ci wurus ci anam gu leer. Lim yii nag waruñu leen a jàppee rekk ay yokkute ci wàllu yëngu yi waaye ay njeexital yu wér la yu jëm ci manal sa bopp. »

Manal sunu bopp ci wàllu mbay mi, wàllu ndefar gi ak wàllu xarala yi

« Fii ak 2029, **64% ci li ñuy jëfandikoo ci ceeb ci Senegaal, 74% ci li ñuy soxla ci pombiteer, 100% ci soble, 96% ci ndawal ak 40% ci meew, lépp di bawoo ci réew mi.** Li baykat yi di am war naa yokk 25 % bees ci li ñu daan am. Limub weer yi ñu daan bay dina jóge co ñett dem ba ci juróom, ndax ndox mi ñu fas yéene dajal ci lu tollu ci 320.000iy hektaar ak sosug 100i koperaatifi mbay ci bokk-moomeel yi. Li ñuy soxla ci jiwu sertifiyee dina yegg ba 65 % ca 2030, ak 1.500i warab ci wàllu jumtukaayi mbay ngir gën a méngale mbay mi ak ak càmm gi ak jamono. »

4. Saafara jafe-fafey saa-senegaal yi...

« Ñenteelu jaayanteg Ngóornamaŋ bi nag yomb naa wax waaye jafe lool ngir jëmmal ko : **saafara jafe-jafey sunu bokki ma-réew yi ak gën a jagal, bis bu set, seen dundiin.** Saa-Senegaal yi coppite yu wér lañuy xaar. Sunu jëf kon dees na ko man a àtte ci màndarga yu ñu man a duut baaraam :

- Njëgu li ëpp ci li ñuy jëfandikoo ci dund bi,
- Diisaayu dund bi, dëkkuwaay, yasara, yamale, paj mi ak njàng mi ci li jaboot yi di am,
- Liy des ci jiba yi ginnaaw ba ñu defee depaas yi manul a ñàkk ba noppi,; xëy yi nu jot a sos ak limub ndaw ñi ñu tàggat ba noppi jox leen liggéey,
- Diiru atum yëngu yi ci wàllu meññeef ak njeexital, rawati na ci kaw gi,
- Jot cim ndox, ci asanismaa, cim paj ak ci serwiis piblig yi,
- Wàññikug àpp yi ak njëg yi way-jëfandiku yi di gàlloo. »

Yéwénal pañeb góor-góorl bi

« Yéwénal pañeb góor-góorlu bi ci ñaari keno lay sampe :

- Bay li nuy dunde,
- Di dunde li nuy bay.

Sama Ngóornamaŋ dina sóobu bu baax ci tolluwaay bii jaare ko ci amal ay porogaramm ci ay filiyeer yu muy séq ak sektëer piriwe bi ngir càmbar biir ak biti, jafe-jafe yi teg ci gaaral ay pexe yu wér ci lu gaaw. Fii ak boobu nag dees nag gën a yokk man-man yi ci wàllu ay dencukaay boole ko ak ay caytu fépp ci mbeeraay gi. »

Sàmm jaboot yu néew doole yi ak gën a xoolaat wàllu ndimbal yi

« Naataange gu daj fépp day laaj ndimbal yu am doole. ANSD waññi na 1 000 649i jaboot yu néew doole, te 355 013i jaboot yu ndóol rekk lañu ciy taxawu : mu des kon 645 636i jaboot, di yemoo ak lu jege **juróomi milyoŋi Saa-Senegaal yuy dund ag néew doole walla ndool.**
Sunuy yëngu kon dinanu ko jëme ci ñenti yitte :

- Gën a yokk ndimbal li ak dooley jaboot yi,
- Baral jéego yi jëm ci fexe ba jigéen ñi manal seen bopp ci wàllu koom,
- Feddali kaaraangeg xale yi ak yamale gi,
- Méngale ak jamono anam gi ñuy doxalee wàllu ndimbal.

Li ko dale 2027, jubluwaay bi mooy fexe ba lu **tollu ci benn milyoŋ ci ay jaboot yu ñàkk man a jot ci ndimbal loolu, muy yemoo ak 7,8i milyoŋi Saa-Senegaal yu ñu fas yéene taxawu.** Àmbolog bi tolloon ci 70i milyaari FCFA ci sebtàmbar 2026, dees na ko ful ñaari yoon ba 140i milyaari FCFA ca 2027. Ñi ñu ameloon ci Bursu Familiyaal yi dees na leen fay ci weeru sebtàmbar 2026 wi. »

Fexe ba yasara gi doon keno ngir gën a diisal jiba yi

« Saafara jafe-jafey dund gi, mooy fexe ba yéwénal yasara gi ci njëg yu jàppandi, ndax daa diis lool, moo xam muy ci togg gi ba ci góor-góorlu yi koy jëfandikoo. Gaas bi dinanu fexe ba mu am taxawaay bu wér ci toggum kuraŋ bi : **di ko toggal sunu bopp fii ngir man a fay lu néew ci réew mi.** Coppite yooyu nag dinañu jural askan wi ñaari njeexital yu kenn ku nekk man teg loxo : **wàññikug 30% ci njëgu Kwh kuraŋ bi fii ak 2030** ak wàññi bu baax ñàakk a yamale gu yaatu gi ci jot kuraŋ bi te dox ci diggante dëkki taax yi ak kaw gi. Ci loolu, dees na gën a feddali taxawaay bi ngir jëmmal Porogaraamu jot ci kuraŋ bi ba mu daj 6.471i dëkk yi des te war a jot ci kuraŋ. »

Jàppandil dëkkuwaay yu baax ak xar-kanamu pénc mu taaru

« Lim bi nu yittewoo ciy dëkkuwaay ñu ngi ko xayma ci **500 000** te at mu jot 10 000 jàpp 15 000 dina ci dolliku. **Sunu mbébet mooy nu jébbale gën gaa néew 30 000iy dëkkuwaay at mu jot** boole ko ak jële ndànk-ndànk lim bi 56 % yóbbu ko ba 75 % ci ay saa-senegaal yu dund ci dëkkuwaay yu mucc ayib. Dees na dooraat porogaraamu dëkkuwaayu ndimbal yi ; gën a saytuwaat suuf si ; taxawal ci réew ag kër guy yëngu ci ndefarum jumtukaayi tabax ngir wàññi bu baax njëg yi. »

Fexe ba eewestismaa yi nuy def man di jur ay xëy boole ko ak yokk man-man yi

« Dees na fexe ba mbooleem sémb yi nekk ci biir “Agenda Sénégal 2050” doon jumtukaayu tàggatu, sos ay xëy ak koom mu dolliku. “Masterplan” bi wane na, fii ak 2029, lu tollu ci 1 520 000i xëy yu man a sosu. Ci lim boobu bokk na ci mbébet yii : **113 500i** xëy yuy jóge ci “Coopératives agricoles communautaires” yi, **60 000** ci nappum cosaan mi ak koomum géej gi, **50 000** ci wàllu dëkkuwaay, **45 000** ci aggropóol yi, **33 000** ci ñiy yëngu ci wàllu fent ak mbatiit, **27 000** ci lu ñeel “Jeux olympiques de la jeunesse” ak li nu ciy donne, **22 000** ci wàllu soow mi ak yarum njanaaw mi, **18 000** ci yarum jën mi ak **16 000** ci yasara yi ñu man a yeesalaat. Muy nisar yu ñu war a yaatal boole ko ak xayma ci anam yu leer seen i njeexital ci wàllu taxawaay ak lim bi mu jur ci ay xëy. Sunu yéene mooy bépp eewestismaa muy bu nguur gi walla bu piriwe ci “Agenda” bi man a jur ay man-man, ay yëngu ak xëy yu ñoŋ. »

Liggéey ci njàng mi ak ci gëstu

« Yéene jooju nag day laaj ay jumtukaay ak i yeesal yu wér ci njàng mi : dakkal ba fàww jàngukaayi mbaar yi, tabaxug **12i LYNAQE, 15 000iy buluy jàngukaay** ak 45i “Espaces numériques ouverts” ; yeggali jànguneb Maatam, bu Senegaal Oriyàntaal ak bu Siin Saalum niki noonu dëkkuwaayu jàngaan yi. Dees na wéyal porogaraamu yeesalaat li ñuy jàngale, STEM yi, njàngum àngale mi, làkki réew mi, jëfandikoo xarala yi ak boole daara yi ci njàng mi. Ginnaaw 4 980 jàngalekat yi ñu jël ci 2025, dees na amalaat porogaraamu jël lu tollu ci 2 527i jàngalekat gën gaa yeex ñetti weer yi mujj ci 2026. Pexe mi ñuy teg itam ci wàllu lekk gi ci warabi jàngukaay yi dina daal di tàbbi. Ci njàng mu kawe mi, dinanu jëmmal Sémb wi jëm ci Soppi Njàng mu kawe mi, Gëstu gi ak Fent gi (ANTESRI) te doon lu sampu ci ñetti keno yu méngoo ak yoon wi nu jëm : jubbanti sistem bi ba mu gën a am ug dal ; yokk coppite ci wàllu ñoŋal gi ; baral jéego yi ci wàllu manal sa bopp. »

Jàppandil jot cim paj fépp ci réew mi saa su ne

« Ci wàllu paj mi dees na fexe ba mu gën a jege, gën a baax te gën a sàmmonte ak diñ̃ñite askan wi. Càmbar gi ñu amal ci tolluwaay bi wane na ne 80 % ci raglu yu baax yi, jumtukaay yi ak fajkat yu xereñ ci piblig bi ak ci piriwe bi, lépp Ndakaaru la nekk. Lu ni mel nag jaaduwul. Kon, dinanu def sunu kéem tolluwaayu kàttan ba li ñuy yitteewoo ci wàllu paj mu jamp, pajum xale yi, wàllu matarnite, wàllu xay, paj mu xarala, taxawu ci wàllum paj ak ay liggéekat, man a daj réew mépp. »

5. Ag yamale ci politig piblig yi ñuy doxal ci gox yi ak goxaan yi...

« Jub, Jubal, Jubbanti itam mooy, ag yamale ci gox yi ak goxaan yi, nga xam ne dees na ci taxaw temm. Jaaduwul ñu jël lépp rekk yamale ko fenn ci jamono ju yeneen gox yi di jànkonte ak i jafe-jafe ngir jot ci ay yoon, am ndox, kuraŋ, am paj, tàggatu ak jumtukaay yi manul a ñàkk. Dinanu gën a jëmale eewestismaa piblig yi ci yamaleg gox yi, yaatal ak gën a dooleel tundi koom yi. Pàcc-pàccee googu du yam rekk ci daggaat gox yi ak céddaleg deppaas yi : waaye mooy fexe ba gën a lootaabewaat koppar yi ñuy dugal ci sémb yi ba ñu man a jur njariñ yu yaatu te méngoo ak yitte yi ñuy gën soxla ci gox bu nekk. »

Jëfandikoo tundi koom yi ngir yokkute gu yamale

« Tegtalukaay bi dafay samp juróom ñetti tundi koom yu sukkandiku ci njariñ yu wér : Ndakaaru, Cees, Sàntar bi war a boole Kawlax, Fatig ak Kafrin, Noor bi ci li ko dale Ndar jëm Podoor, Noor-Est bi ci li wër Maatam, Sidd-Est dale ko Tàmbaakundaa jëm Kéedugu, Sidd bi ca Kaasamaas ak mbooleem li ëmb Njaaréem ak Luga. Jëmmal gi nag dees na ko tàmbalee ndànk-ndànk ci Sidd bi, Sàntar bi ak Noor bi. “Acte IV” bi wàllu yaatal mooy gunge liggéey boobu ngir jóge ci yaatal gu gën a sukkandiku ci wàllu ndoxal jëm ci yaatal guy sukkandiku ci yokkute gu wér. »

Lëkkale tund yi ak ay jumtukaay yu ñoŋ

« Ngóornamaŋ bi dina wéyal liggéey yi jëm ci gën a jegele dëkk yi jaare ko ci **tabax ay yoon** ci lu tollu ci **3000iy kilomeetar,** rawati na ca Dànde Maayo, ak ca Buukalu Fulaadu, niki noonu yeesalaatug lu ëpp **500i kilomeetar ci ay xàll ak rut nasonaal.** Dees na gën a dooleel xàlli Kawlax-Tàmbaakundaa, Ndar-Rooso ak Njaaréem-Kawlax-Sigicoor ; ñaareelu njéggitel Sigicoor dees na ko door teg ci yeggali njéggitel Rooso. **Naawu yu Sigicoor, Ndar, Worosóogi ak Maatam** dees na leen yeesalaat. Dinanu taxaw temm ci jëmmal sémbu selebe yoonu yaaleg jaww ci fulla ju mat sëkk. Dees na matal liggéey yi jëm ci dundalaat “Air Sénégal” ci wàllu koppar balaa njeextalu 2026 teg ci jagleel atum 2027 tànn partaneer bu wóor. Dees na dundalaat **yooni saxaar yi** jaare ko ci dundalaat yoonu Dakaar-Tàmbaakundaa, ak jëmmal ñetteelu pàccu TER bi diggante AIBD ak Cees. **Poor yu Ndaayaan ak Barñi-Séndu** dinañu mat ; pooru Kawlax ñu yeeslaat ko ; dees na amal gëstu yi ci sémbu poor bu Nikin ; juróomi kee yu méngoo ak jamono ci wàllu nappum cosaan, benn gaaru sëfaan yi ak poor seg bu Kidira dees na leen jëmmal. Porogaraam bii dees na ko mpttalee ak ñetti guwernaas, 26i perefektiir, 126i suu-perefektiir boole ko ak yeggali taxi yoon yu ñu nekk di tabax. »

SÉMB YU AM SOLO



Ci wàllu yasara yi ak ndefar gu diis gi, ñetti sànce lees di doxal ci fukki at yi :

- Suqalikug toolu gaas bu **Yaakaar-Teraanga**, te ñu xayma pàcc bu njëkk bi diggante juróom ak fukki milyaari dolaar US, sukkandiku ko ci model bi ñu war a doxal ginnaaw gëstu yi.
- **Réso Gaas bu Senegaal (RGS)** dina yóbbu gaas biy ballee ci tool yi ak pàcc bu njëkk bi ñu nekk di jëmmal diggante toolu “Grand Tortue Ahmeyim (GTA)” ak “Centrale électrique” bu Gàndon.
- Sémbu **SAR 2**, ak méngale xent gi ak jamono boole ko ak barabu tàggatukaay ci wàllu protol bu muy àndal.

Ci wàllu mbell yi, sémb yaa ngi aju ci :

- **Weñ gi ak ndefar gi** ca póol Sidd-Est ak selebe yoonu mbellu Kéedugu ak Faleme.
- **Fosfaat yi ak àngare yi** ca póol Noor-Est ak Jurbel-Luga. Sémbu ndefaru fosfaat ak àngare bu Maatam itam dees na ko boole ak benn barabu gëstukaay ak ub jàngune.

Ci wàllu mbay mi ak ndefaru lekk, ñaari sànce ngir gën a ñoŋal bay-dunde gi :

- **Ndefaru àngare bi** war naa man a matale sunuy soxla ci réew mi boole ko ak di jaay ja bi ci dig-digal bi,
- **Ñetti aggropóol yi**, Noor, Uwest ak Est, ak wenn **sémbu ndefaru lekk** ci lu tollu fukki junniy hektaar.

Ci wàllu jumtukayay yi, ñetti sémb yi war a soppi xar-kanamu réew mi:

- **“Grand Transfert d’Eau”**, bi war a jóge ca Lag de Geer walla ca deux Senegaal ci lu tollu ci ñaari téeméer ak juróom ñaar fukki kilomeetar, dina ñoŋal bu baax céddaleg ndox mi ci diggante Dakaar-Mbuur-Cees, Tuubaa ak Ñaay yi, boole ko ak benn isin bu man di togg juróom mbenni téeméeri junniy meetar kibb bis bu set.
- **Yoonu saxaar wu bees ci diggante Ndakaaru ak Tàmbaakundaa,** ñu war koo yokk ba Kidira, dina man a yóbbu lu ëpp ñaar fukki milyoŋi ton at mu jot boole ko ak sos lu ëpp ñaar fukki junniy xëy ci jamonoy liggéey yi.
- **Yaatalug sunu poor yi,** ak poor yi nekk ci biir ndox mi muy bu Ndaayaan ak bu Séndu, dinañu def Senegaal buntu lósistig ci Afrig Sowu jant.

Ci wàllu ndimbal, ñetti porogaraam dinañu soppi dundu askan wi :

- Jubluwaayu **Porogaraamu jot ci dëkkuwaay** ak yeesalaatug dëkk yi mooy juróomi téeméeri junniy dëkkuwaay fii ak 2035, ci lim bu ñu xayma ci ñetti téeméeri junni yu ñu war a mottali te xaaj bi féete ci Ndakaaru.
- Porogaraamu ragluy tund yi ak yeesalaatug palaatóo tegnig yi dina nu may nu man a dëppoo ak sàrt yi “Organisation mondiale de la santé” teg, ci jamono ju nuy am benn lalu opitaal seneraal ñeel lu jege ñaari junni ak juróom benni témeeri nit ak benn lalu reyaanimaasoo ñeel téeméer ak ñent fukk ak juróom ñaari nit. Bokk na ci yitte yi gën a far muy tabaxug ñenti raglu yu am dayo 3 yu man a am 350i lal benn bu nekk ci tund yu Ndar, Sigicoor, Mbuur ak Kawlax. Mu war a doon kon lëngoo yi njëkk diggante piblig-piriwe (PPP) ci wàllu paj mi.
- **Wàllu ndefaru farmasi gi** bëgg nanu li nuy jëfandikoo ci garab ci réew mi mu man koo jëlee ci fukk ak juróom yóbbu ko ba juróom fukk ci téeméer boo jël fii ak 2035.

Ci wàllu finaas ak jëflante, “Dakar Millenium Center” gi tollu ci 500i milyaar doon na sémb wu am solo ngir suqalikug dëkk yi, te jubluwaay bi di soppi barabu 37i hektaar bu am solo ca Wakaam def ko muy karce jëflante ci wàllu koom bu am dayo ci àddina si. Mu féete ci Korniis Uwest bi, di xàll yi gën a taaru ci Ndakaaru, jubluwaayu sémb wii mooy def Ndkaaru selebe yoon ci wàllu finaas, boole ko ak karce bu am dayo ci wàllu jëflante yu bari te wuute, ànd ak ay yënguy koom, fent, serwiis, yaale yu méngoo ak jamono ak xar-kanamu pénc mu taaru te xemmemu.

DOXALIIN

« Li nuy jubbanti ak lu tax. Ñaari bir a ko waral. Bi ci njëkk mooy jafe-jafey finaasmaa. Lu fi masul a am la te laajul ag tasaaroo. Bu nu bëggee dërëm bu nekk di dem fa mu war a dem, Càmm gi dafa war a def kéem tolluwaayu kàttanam ci luy soppi dëgg-dëgg dundug askan wi. Ñaareel bi mooy li ñu war a jàngee ci ndoxal gi. Donte am na ay jéego yu ñu ci jot a séqi, at yu njëkk yi wane nañu ne xaw naa néew, teg ci ndoortel yenn sémb yi xaw a yeex. Xayma "Plan de Redressement économique et social (PRES)" bi Njiitu Réew mi dénk Ngóornamaŋ bi, dees na ko amal ngir indi joyyanti yi war. »

Jubbanti doxaliin wi, mooy jox Yoon wi matukaay yuy tax tax mu man a dékku lu yàgg.

« Kon juróom benni jomono a ngi nii, ci ni ñu fas yéenee doxalee yënguy Ngóornamaŋ bi.
Jiital farata. Dinanu fexe ba xoolaat sémb yi gën a far nu tànn yi nu ciy jiital. Dootunu door mukk sémb wu mag te fekkul ne danoo dajale ba noppi 5 % ca koppar ya ñu war a dugal ci waajal ko.

Finaasee neneen. Du lenn lu dul xam ni ngay jëfandikoo njël li, dajale rëset yu bees, yaxanal depaas piblig yi, dellusiwaat ca mbaax ga ñu xamoon ci bor bi ak caytug finaas piblig yi. Kon daal lii laay sàrtal Ngóornamaŋ bi : dunu leb benn dërëm te layalunu njariñ yi ba noppi.

Doxal. Jëwriñ ju nekk dina jot bataaxel ci li ñu ko sas boole ko ak jubluwaay yu wér, kontraa bu dëggu ci wàllu njureef, te bataaxel yooyu, yu ñuy yaatal ci pénc mi lay doon.

Natt : doxal gu ànd ak njureef yu wér mooy màndargaal yëngu yi Ngóornamaŋ bi fas yéene amal. Dootunu yamati rekk ci natt matukaay yi ñu jël ak jëf yi ñu sottal, waaye seen i njeexital dëgg ci dundug askan wi ak yokkuteg gox yi.

Waxtaan : dina taxaw temm ci jëmmalug "pacte de stabilité et de progrès social" bi, mu tegu ci yoonu payoor yu ñu àttan, maandu te wér, yoriin wu leer ci sàqi pénc mi, dooleel sunum koom ak ñoŋal jibay góor-góorlu yi. Dinanu gën a jiital waxtaan saa su ne sunu digg ak sektëer piriwe bi, ñiy yëngu ci koomum jàppal ma jàpp mi, mbootaayi sosete siwil bi, ndaw ñi, gox yi ak goxaan yi ak mbooleem ñi yor kàddu ci réew mi.

Leeral : màndargay doxal gi ci wàllu coppite yi dees na leen di siiwal ñetti weer yu nekk, ci anam gu jàppandi, leer te doon ku ñu pàcc-pàccee. Béj gu ñuy amal ci kanamu Ngomblaan gi at lu jot dina nu may nu man a aajar njuréef yi nu am, ëppal yi ci feeñ, jafe-jafe yi nu ci jànkonteel ak jubbanti yi nu ci sumb. Ci kaw sàmmonte ak li manal sa bopp, kaaraange ak sàmm ndëxëñteefi jàmbur yi di laaj, fàww nu yoonal ubbikug ndëxëñteefi pénc mi ci képp kuy sàkkoo leerlu muy yoon wi, gàntal gi nag te boole ko ak lay yu dëgër di settee. »

LI CÀMM GI DI XAAR CI ASKAN WI

« Ngoóornamaŋ kese manul a jubbanti am réew. Aw askan a koy def ànd ko ak Ngóornamaŋam. Sunu maam yi daan nañu wax naan : ***« Nit, nitay garabam » am ñeneen ñu naan « Nit, nite mooy garabam ».*** Ma bëggoon leen a wax kon, ànd ko ak wegeel, li Càmm gi di xaar ci kenn ku nekk ci yéen. Jubluwuma cee jàngal kenn nag, waaye ngir mu di ñaareelu xaatim ci kontaraa bi.

Ag dal, njëkk : nangu dëgg gi ci lim yi ak guddaayu jubbanti gi. Lu ñu yàq ci ay at yu bari, maneesu koo defaraat ci ay weer. **Fulla,** topp ci, te mooy yam ci jëf kepp, jiital njureef yu baax ci ay xiiroo ak a ŋaayoo. Tablo bi ci kanamu pénc mi dina wan ma-réew bu ne, saabalkat bu ne, aji-falu ju ne, jumtukaay yu muy man a àtteel boppam. **Jaayante,** mujj, ndax kat sunug xereñteef masul a teqale pas-pas ak liggéey : "Yeewal sa daaba ji, te nga door koo dénk Yàlla ngir mu bañ a rëcc". »

BËGG SA RÉEW, JËFANDIKOO LI FIY MEÑÑE, COOBAREWU...

« Jaayante googu mu ngi doore ci **nangoo fay galag**, ndax kat bépp galag bu rëcc rekk dina tax ba dunu man a gas ub fooraas, mbaa nu man a tabax ub jàngukaay; fay galag bu weesoo doxaliinu bëgg sa réew, day tax nga man moom sa bopp. Toftal ci **jëfandikoo li fiy meññe,** te mooy politigu samp ay ndefar doon lu jàppandi ci askan wi. Tëje ko **Coobarewu ak liggéeyal sam réew,** di bir yu ma jànge ca suufu raaya wa ca "Prytanée militaire", te "Jeux olympiques de la Jeunesse Dakar 2026" yiy dëgmal ci weer yii di ñëw war a doon li koy jëmmal. Ma dolli ci sunu Jasporaa bi nu bëgg ñuy gën a eewestiir, di tabax boole ko ak doon i àmbaasadëer. Càmm gi dina bay waaram. Dina fexe ba taxaw ci fay njëgu kóolute gi doonul lenn lu dul doxaliin wu leer. Dina fexe ba takk biir gi muy woote, moom mu jiitu ci, jaare ko ci wàññi bu baax dundiinu nguur gi ak ñi koy doxal. Sàkkuwuma ci Saa-Senegaal yi ñu gëm waxi Ngóornamaŋ bi. Li ma leen di ñaan mooy ñu àtte nu ci sunuy jëf, te maa ngi jaayante fii ne dinanu leen jébbal lépp lu ñu yittewoo. »

DEF AG DAL MUY JOXOÑUB TEGTALUKAAY BI

« Li jiitu mooy **dal gi ci wàllu campeef.** Dafa laaj nag sàmmonte gu wér ak sañ-sañu doole ju ne. Ngóornamaŋ bi ma jiite du mas jàppe masórite bi yëfi boppam yu mu jëfandikoo : dees koy yélloo, sàrt ci kaw sàrt, jataay ci kaw jataay. Duma ci ñaxtu mukk ; ngëneel laa ci gis. **Maa ngi tàllal sama loxo mbooleem kuréli politig yi teew ci Ngomblaan gii.** Ci wàllu finaas piblig yi, ci lekool bi, ci ndox mi, ci wàllu yoon, dafa am njariñu Senegaal lu ci féete ñépp kaw lol xamul masórite walla kujje. Dinanu leen fekk ci seen i komisoo te mbooleem lu ngeen laaj rekk dinanu leen ci tontu. Sama Ngóornamaŋ nag li muy xaar mooy Ngomblaan guy liggéey ngir askan wi ak sàmm njariñ yi nu bokk. Li ci topp nag di **ag dal ci koom mi** : xaatim gu feddaliku, xaalis bu am doole bu ñu bokk, ay sàq yu wér. Lii daal mooy sàrtu mbooleem li ci des, dale ko ci njëgu mburu mi ba tolluwaayu bor bi. Li ci des nag mooy diisoo, ñu man koo tënk ci kàddu gu gàtt : waxtaan bala ñoo jël benn dogal, te bu ñu ca jógee ñu sàmm kàddu ga. Bu kenn woru : noppi tekkiwul yambar de. Mooy dooley tabaxkat yu mag yi. Amul menn taax mu mag mu man a sampu ci suuf suy yëngu, te kat nun danoo fas yéenee tabax lu rëy moo tax nu war a téyee suuf si. »

« JËWRIŃ JU NEKK DEES NA KO NATTAL WAAR WU MU WAR A BAY »

« Ngóornamaŋ bii xaarul ñu koy àtte ci li mu yéene, waaye ci xereñteem ak ci njureef yi luy amal. Jëwriñ ju nekk dees na la daggal waar woo war a bay, sémb wu ne ñu koy xayma ci digg pénc mi, dërëm bu nekk fu ñu ko dugal war naa am i jeexit yu wér ci dundiinu Saa-Senegaal yépp, góor ak jigéen. “Vision 2050”, mooy Nguuru royukaay, koom mu am doole ak naataange gu daj fépp. Wenn sas wi ma Njiitu Réew mi Basiiru Jomaay Jaxaar FAY jox mooy, ma ànd ak sama Ngóornamaŋ, liggéey ngir soppi mbébet mii nu am ci réew mi, ci njureef yu wér yu kenn ku nekk di man a duut baaraam. Yaa ko dooroon yaw Njiitu Ngomblaan gi ba ngay doon Njiitu Jëwriñ yi, man nekkoon ci sa pegg ak peggu Njiitu Réew mi. »

« AM NAA WAREEF AK YÉENEY WÉYAL LIGGÉEY BOOBU ! »

« Yoon wi leer na. Xam nanu doxaliin wi. Dogal bi yaatu na ci pénc mi. Lenn rekk a nu dese, mooy nu joxante loxo ci waar wu diis wii, ci ndimbalu Yàlla ak yéeney Saa-Senegaal yi, boole ko ak di bàyyi xel saa su ne ñi gën a néew doole ci ñoom ci wàllu jumtukaay, ci wàllu paj ak ci wàllu xéewal ; ñoom ñii rekk nag ñooy sunu njaatige yi nu war a toroxlu, xar sunu tànki tubey ngir liggéeyal leen ; rawatina nuy fàttaliku saa su ne, bis bi nu war a dellu ci Yàlla sunu Boroom ba kenn ku nekk ci nun ñu war laa delloo la nga doon jëf ci anam gu maandu. »



RÉPUBLIQUE DU SÉNÉGAL
BIC-GOUV
BUREAU D'INFORMATION ET DE COMMUNICATION DU GOUVERNEMENT

CONTACT PRESSE :
contact@bic.gouv.sn